



Revni Sekirite Siplemantè (SSI) pou moun ki pa sitwayen

Ki sa ki andedan

Kiyès ki ka jwenn revni sekirite siplemantè?	1
Limit sètan pou kèk moun ki pa sitwayen	2
Kredi travay	2
Nou bezwen prèv sou estati w	2
Enfòmayson konsènan Medicaid	3
Ou ka fè yon nouvo reklamasyon	3
Si w genyen yon paren	3
Nimewo sekirite sosyal yo	3
Pou vin yon sitwayen	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Kiyès ki ka jwenn revni sekirite siplemantè?

Jeneralman, si w pa yon sitwayen nan youn nan kèk kategori imigrasyon Depatman Sekirite Nasional (Department of Homeland Security, DHS) apwouve, ou ka elijib pou SSI si:

- Ou te rezide legalman Ozetazini le 22 out 1996, epi ou avèg oswa ou andikape; oswa
- Ou t ap resevwa SSI le 22 out 1996, epi ou legalman rezide Ozetazini; oswa
- Ou te legalman admi pou rezidans pèmanan daprè lwa Imigrasyon ak Nasionalite a (Immigration and Nationality Act , INA) epi ou gen yon total 40 kredi travay Ozetazini. (Travay konjwen w oswa paran w ka konte tou.)

NOTE: Si w te rantre Ozetazini le 22 out 1996 oswa aprè dat sa a, kidonk ou ka pa elijib pou SSI pou senk premye ane yo kòm yon rezidan pèmanan ki legalman admi, menm si ou genyen 40 kredi salè.

Kèk lòt moun ki pa sitwayen ki ka elijib pou pèman SSI se:

- Manm fòs lame ameriken ki an sèvis;
- Manm yon tribi endyen ki federalman rekoni ki pa sitwayen;
- Kèk moun ki pa sitwayen ki admi kòm imigran amerazyen;
- Kiben/ayisyen ki rantre nan peyi a epi yo admèt daprè lwa Asistans Edikasyon Refijye (Refugee Education Assistance Act);

- Kèk viktим fòm trafik moun ki grav; epi
- Kèk imigran espesyal ki sot Irak oswa Afganistan yo admèt kòm rezidan pèmanan ki legal.

Genyen lòt moun ki ka elijib pou resevwa pèman. Si w pa yon sitwayen epi ou vle aplike pou benefis SSI, kontakte nou pou wè si w elijib.

Limit sètan pou kèk moun ki pa sitwayen

Kèk refijye ak lòt moun ki pa sitwayen ka resevwa SSI pou yon peryòd ki ka rive jiska sètan. Si pèman SSI ou yo limite a sètan akoz estati w kòm yon moun ki pa sitwayen, nou pral voye yon lèt ba w pou fè w konnen lè peryòd sètan w lan fini. Nou pral voye yon lòt lèt ki eksplike dwa ou genyen pou fè apèl anvan nou sispann pèman w yo.

Si w se yon moun k ap resevwa oswa ki te konn resevwa SSI epi ou elijib pou SSI daprè limit sètan an, epi ou te aplike pou sitwayènte, nou ankourage w pou kontakte Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) pou chèche konnen ki fason pou:

- Akselere pwosesis natralizasyon w lan(N-400) ki ann atant oswa aplikasyon pou ajisteman nan estati w la (I-485); epi
- Pa peye pou frè ou ta dwe peye pou ranpli aplikasyon sa yo.

Oumenm (oswa reprezantan w) ka rele USCIS gratis nan **1-800-375-5283** (tann pou opsyon SSI la nan meni prensipal la) oswa **1-800-767-1833** si w soud oswa ou gen difikilte pou tande (TTY), epi mande pou pwosesis akselere a. Epitou ou ka mande pou pwosesis akselere pa ekri oswa lè w ale nan biwo lokal USCIS la. Asire w ou fè yo konnen ou se yon moun k ap resevwa oswa ki te konn resevwa SSI. Pou aprann plis, kontakte biwo lokal USCIS la, oswa vizite sitwèb USCIS la nan www.USCIS.gov/feewaiver.

NOTE: Yo pwolonje peryòd sètan elijiblite SSI la pou refijye, moun ki pran azil ak kèk imigran yo aksepte sou baz imanitè, ikonpri viktim trafik moun, pou dezan (oswa jiska twazan daprè kèk kondisyon) pandan peryòd ki soti 1ye oktòb 2008 rive jiska 30 septanm 2011. Ou ka aprann plis lè w vizite www.socialsecurity.gov/pubs/11051-sup.html.

Kredi travay

Antesedan travay yon moun detèmine elijiblite I pou I resevwa benefis sekirite sosyal, ansanm ak elijiblite pou SSI pou kèk moun ki pa sitwayen. Yon moun genyen kredi travay daprè kantite lajan li touche. Montan ki nesesè pou genyen yon kredi travay monte lejèman chak ane amezi nivo mwayèn salè yo ogmante.

Pou benefis sekirite sosyal, yon moun ka genyen yon maksimòm kat kredi pa ane daprè salè li. Yon moun ki pa sitwayen ka resvevwa kredi siplemantè pa ane daprè travay yon konjen oswa yon paran.

Kredi travay yo rete sou dosye travay yon moun nètale. Kredi travay siplemantè akoz yon konjen oswa yon paran ede pou yon moun elijib men yo pa mete yo nan dosye travay yon moun ki pa sitwayen epi yo pa konte yo pou detèmine montan benefis yo. Pou plis enfòmasyon, mande pou Fason pou gen Kredi (*How You Earn Credits*) (SSA Publication No. 05-10072).

Nou bezwen prèv sou estati w

Lè w aplike pou SSI, ou dwe pwouve estati w kòm yon moun ki pa sitwayen. Moun ki pa sitwayen ki te sèvi nan fòs lame Etazini ka bezwen ban nou prèv sèvis militè tou. Men egzanp kèk bagay ou ka bezwen ban nou:

- Kòm prèv estati w kòm yon moun ki pa sitwayen — yon fòm I-94 ki ajou (dosye arive/ depa), oswa I-551 (kat rezidan pèmanan legal) ou te resevwa nan men DHS oswa yon lòd nan men yon jij imigrasyon ki retni depòtasyon oswa ki akòde azil; oswa

- Kòm prèv pou sèvis militè — papye liberasyon lame ameriken (DD Form 214) ki montre liberasyon onorab ki pa baze sou estati w kòm yon moun ki pa sitwayen.

Biwo sekirite sosyal lokal ou a ka fè w konnen ki lòt kalite prèv ou ka bay pou pwouve estati w.

Enfòmayson konsènan Medicaid

Si w gen kouvèti Medicaid daprè SSI ou a, kouvèti Medicaid ou a ta dwe kontinye toutotan w ap resevwa SSI.

Ou ka fè yon nouvo reklamasyon

Si pèman SSI ou yo kanpe paske w ou se yon moun ki pa sitwayen ki elijib, ou ka aplike ankò. Kontakte nou imedyatman si estati imigrasyon w chanje, oswa si w vin yon sitwayen ameriken, epi ou panse ou kalifye, oswa ou genyen 40 kredi travay. Ou pral bezwen pote sètifikasi natiralizasyon w lan ban nou oswa lòt dokiman ki montre estati imigrasyon aktyèl ou.

Si w genyen yon parenn

Lè w te rantre Ozetazini, ou te ka gen yon moun ki siyen yon akò pou ba w sipò. Yo rele akò sa a yon deklarasyon sipò, epi moun ki te siyen I lan rele parenn ou.

Nou konte yon pòsyon nan revni ak resous parenn ou an ansanm ak konjwen li kòm revni ak resous pa w apati dat ou te rantre Ozetazini. Biwo sekirite sosyal lokal ou a ka ba w plis enfòmasyon konsènan règ sa yo, ak ki sa yo siyifi pou ou.

Nimewo sekirite sosyal yo

Si w yon moun ki pa sitwayen ki legal nan peyi a ki gen pèmisyon pou travay Ozetazini, ou ka bezwen yon nimewo sekirite sosyal. Mande pou (Nimewo sekirite sosyal pou moun ki pa sitwayen (*Social Security Numbers for Noncitizens*) (Publication No. 05-10096).

Pou vin yon sitwayen

Pou aprann plis konsènan fason pou vin yon sitwayen ameriken, rele USCIS gratis nan **1-800-375-5283** (pou moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tandem, rele nimewo TTY, **1-800-767-1833**). Ou ka kontakte biwo lokal USCIS ou a tou, oswa vizite yo sou entènèt nan www.uscis.gov.

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi publikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou

(lòt bò a)

ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-11051-HC | August 2017
Revni Sekirite Siplementè (SSI) pou moun ki pa sitwayen
Supplemental Security Income (SSI) for Noncitizens (Haitian-Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a